# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में चुनाव प्रचार तेज हो गइल हौ, सज्जो राजनीतिक पारटी क बड़हन नेता रैली, रोड–सो अउर घरे–घरे जा के परचार कइ रहल हवें। भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु प्रदेस क अलीगढ़ जिला में एगो चुनावी रैली के सम्बोधित करत आरोप लगवलें कि कांग्रेस पारटी क नजरि देस के लोगिन के सम्पतित पर हौ अउर ऊ एके जब्त कइ के दुसरे लोगिन में बांटल चाहत हवे। सपा–कांग्रेस गठबंधन के बारे में बतियावत उहां के कहलीं कि अलीगड़ क लोगि पहिलहीं भाजपा के ओट दिवे क फैसिला कइ लिहले हवें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो अलीगढ़ अउर फतेहपुर सिकरी में चुनाव रैलियन के सम्बोधित कइलें।

ओहीं, दुसरकी ओरि बिपक्ष क नेतो परचार में जुटल हवें। बसपा प्रमुख मायावती आजु बुलंदशहर जिला में एगो चुनावी रैली में बीजेपी पर हमला बोलत कहलिनि कि बीजेपी खाली देखावा करे ले अउर जुमलाबाजी में भरोसा करे ले अउर हकीकत में कउनों काम नाहीं होला। प्रदेस क कांग्रेस प्रभारी अविनाश पाण्डेय पारटी पदाधिकारियन के साथे पारटी कार्यकरता लोगिन क बइठकी कइलें अउर मथुरा आ फतेहपुर सिकरी में घरे–घरे जा के अभियान चलवलें।

**********

समाजवादी पारटी प्रदेस में आम चुनाव बदे आजु ओम्मेदवारन क एगो अउरियो सूची जारी कइले हौ। मुलायम सिंह यादव परिवार क सदस्य तेज प्रताप यादव कन्नौज सीटि से ओम्मेदवार होइहें जबकि बलिया लोकसभा सीटि से सनातन पाण्डेय के टिकट दिहल गइल हौ। पहिले अटलक रहे कि अखिलेश यादव कन्नौज सीटि से चुनाव लड़ि सके लें। येह सीटि पर ओन्नइस सौ अट्ठानबे से दुइ हजार चउदह ले सपा क कबजा रहे। दुइ हजार ओन्नइस में अखिलेश यादव क पत्नी डिम्पल यादव एहां भाजपा क सुब्रत पाठक से चुनाव हारि गइल रहलिनि।

**********

कुशीनगर संसदीय क्षेत्र में मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे जिला के बहरे रहि रहल नोकरीपेसा वाले नौजवानन के जिलाधिकारी मनुहार पाती लिखिहें। कुशीनगर क जिलाधिकारी अउर जिला निर्वाचन अधिकारी उमेश मिश्रा बतवलें कि लोकतंत्र में एक–एक ओट क महातम होला। एकरे तहत जिला प्रसासन अइसन लोगिन के चिन्हले में जुटल हौ जे रोजिगार चाहे बढ़ाई के सिलसिला में बहरे हवें। अइसन लोगिन के चिट्ठी लिखि के घरे अइले अउर ओट दिहले क अपीलि करिहें।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान फीसदी बढ़ावे बदे निर्वाचन आयोग के दिसा–निरदेस पर जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हौ। यही क्रम में आजु भदोही में जिलाधिकारी विशाल सिंह भरोसेगंज चौराहा पर सौ बरिस से बेसी उमिरि के एगो मतदाता के माला पहिरा के अभिनंदन कइलें अउर ओट दिहले क अपीलि कइलें। अजोध्या में जिलाधिकारी नीतीश कुमार पत्रकार से बतियावत बतवलें कि ओटिंग बढ़ावे बदे अद्भुत अजोध्या नांव से अभियान चलावल जाई। चित्रकूट में कर्वी क उप जिलाधिकारी सौरभ यादव आजु आंगनबाड़ी कार्यकत्री, आशा अउर स्वयं सहायता समूह के महिला लोगिन के घरे–घरे जा के सज्जो ओटरन के मतदान बदे प्रेरित करे क जिम्मेदारी दिहलें। गोरखपुर में आजु राजकीय महाविद्यालय सहजनवां में मतदाता जागरूकता बिसय पर पोस्टर प्रतियोगिता आयोजन कइल गइल जेहमें, छात्र–छात्रा लोगि संदेसप्रद पोस्टर बना के लोगिन के मतदान क महातम समझवलें।

**********

गृह मंत्री अउर भाजपा के सीनियर नेता अमित शाह पर असोभनीय टिप्पणी के मामिला में आजु सुल्तानपुर के जिला न्यायालय क एमपी–एमएलए कोर्ट में कांग्रेस नेता राहुल गांधी क बेयान दरज करावे बदे दुइ मई क तारीख तय कइल गइल रहे। राहुल गांधी क ओकील आजु दरखास दे के बतवलें कि तबियत खराब भइले के नाते आजु ऊ अदालति में पेस नाहीं हो सकलें। भाजपा नेता विजय मिश्रा राहुल गांधी के खिलाफ़ अमित शाह पर असोभनीय टिप्पणी कइले के के आरोप में मनहानी क मोकदिमा करवले हवें। येह मामिला में राहुल गांधी क जमानति हो चुकल हौ अउर आजु बेयान दरज करवले क तारीख तय रहल।

**********

तीस देसन क नब्बे अप्रवासी भारतीयन क प्रतिनिधिमण्डल के सथहीं चारि सौ से बेसी राम भक्त क समूह आजु अजोध्या में भगवान रामलला क दरसन–पूजन कइलस। प्रतिनिधिमंडल में भूटान अउर तिब्बत क एंबेसडर आ स्पीकरो सामिल रहलें। ई सज्जो लोगि काल्हि संझा सरयू घाट पर आरती में सामिल भइल अउर हनुमान गढ़ी मंदिर में बजरंगबली क आसीरबादो लिहलें।

**********

आजु विश्व पृथ्वी दिवस मनावल जा रहल हौ। धरती के पर्यावरणीय खतरा से बचावे बदे मनावल जाये वाला येह खास दिन क येह सालि क थीम– ग्रह बनाम प्लास्टिक हौ। धरती के पलास्टिक के खतरा से बचावे बदे आजु प्रदेस के कई जिलन में जागरूकता क कार्यक्रम आयोजित भइल। बनारस में नमामि गंगा आजु गंगा तलहटी से पलास्टिक कचरा निकरले क अभियान चलवलस।

**********